ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№106 (23.014) • 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 6, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хьуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ **Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын**

Газаев Залым Iэдис и къуэм – Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкlэ и министерствэм «Шэджэм щIыналъэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкlэ и центр» и къэрал кlэзонэ Iуэхущlапlэм и унафэщIым, и къуэдзэм,

Сасыкъ Надеждэ Иван и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкlэ и министерствэм «Прохладнэ кьалэ округым цIыхухэм Iэхэутхьэбзэхэр щIыхуащIэ и центр зэгъэуIуа» и къэрал кlэзонэ Iуэхущlапlэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЖКIУЭ Юрий.

Налшык къалэ,
2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м
№75-УГ

Къэрмокъуэ М. М. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Щlыхь тхылъыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм накъыгъэм и 20-м *Налшык къалэ* *№332-рп*

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щlыхь тхылъыр етын **Къэрмокъуэ Мухьэмэд Малил и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымрэ сатумкlэ и министерствэм лицензэхэр тынымрэ къэпщытэкlэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкlэ и министерствэм «Бахъсэн щIыналъэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкlэ и центр» и къэрал кlэзонэ Iуэхущlапlэм и унафэщIым и къуэдзэм,

Сасыкъ Надеждэ Иван и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкlэ и министерствэм «Прохладнэ кьалэ округым цIыхухэм Iэхэутхьэбзэхэр щIыхуащIэ и центр зэгъэуIуа» и къэрал кlэзонэ Iуэхущlапlэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЖКIУЭ Юрий.

Налшык къалэ,
2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м
№75-УГ

● Гъуэгу къежьапIэ

Бахъсэн щIащэхэр пашэщ

ТекIуахэм йохъуэхъу КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ.

«ЩIэблэщIэ гвардие» Бахъсэн щIыналъэ къудамэм хэтхэу КъуэщIысокъуэ Юлэрэ Абасовэ Ларинэрэ я зэфIэкI щагъэлъэгъуауэ «Си хабзэубзыхуэ жэрдэм» Х урысейпсо зэпеуэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и къыщахьащ «Егъэджэныгъэ. Узыншагъэр хъумэн. ЩIэныгъэ. Щэнхабзэ» лIэужьыгъуэм. Пщащэхэм я щIэныгъэ унафэщIу щытар КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Аппаратым и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат Саенкэ Татьянэщ.

Хъыджэбзхэм я лэжьыгъэр зытеухуауэ щытар курыт школымрэ сабий гъэсапIэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэным мылъку хуэхэным пыщIа гугъуехьхэмрэ «Егъэджэныгъэм теухуауэ» федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлIауэ яIэ гупсысэхэмрэщ.

ИужькIэ екIуэкIа очнэ Iыхьэм Абасовэ Ларинэ дахэу зыкъыщитхъэлъэгъуащ, апэ увыпIэр къыщихьащ.

Бахъсэн щIыналъэм щыщ щыджэбзхэр КъБР-м и Парламентым ЩIыхь тхылъкIэ щагъэлъэпIащ. Урысейпсо зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ тхылъ къыхуагъэхьащ Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн. Абы итым ныхощ щIаламгъуалэр парламентаризмэм и Iуэхуэм къыхэшэным, къэрал зекъэкIэм щыгъэгъуэзэным гулъытэ хэха зэрыхуищIыр я гуапэ зэрыхъу.

ЧЫЛАР Аринэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Налшык щыщ унагъуэхэм щIапIэхэр иратынущ

Республикэм и Правительствэм и зи чэзу зэIуцIэм щыхэплъащ нэгъабэ псыдзэм и зэран зэкIауэ щытахэм ядэIепыкъуным, псэупIэ унэхэр зращыхьыну щIапIэхэр цIыхухэм яхуэхьыным, апхуэдэу сабийхэм гъэмахуэм зегъэгъэпсэхуным трагъэкIуэдэн папщIэ субсидиехэр муниципалитетхэм ятегъэушэным.

УФ-м и Правительствэм и унафэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъхуауэТыпщащ 2014 гъэм накъыгъэм и 21 - 29-хэм ди щIыналъэм къыщешха уэшхьышхуэмрэ бгылъэ щIыпIэхэм щыIэ жылагъуэхэм ящIэуа ятIэпсымрэ я зэран зэкIаужэм зэрадэIепыкъун субсидиехэр. Хэщыныгъэ зэрагъуэтам е ябгъэдэлъа мылъкур къанэ щымыIэу зэрафIэкIуэдам папщIэ псори зэхэту сом мелуан 30-рэ мин 650-рэ республикэм и цIыхуу 1066-м иратынущ. ЗэтекIуэта уэхэныгъэхэр зэфIэфинанс документ нэхъыщхьэм къыщыгъэлъэгъуэнырщ, бюджет зэхуаку трансферту щIэуэ къаутIыпщхэр ятегъуэшэнырщ. Мы гъэм бюджетым и хэхъуэр сом мелуани 192-кIэ, хэщIэкIэр сом мелуан 306-кIэ нэхъыбэ хъунущ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, республикэ бюджетым и хэхъуэр сом мелард 24-рэ мелуани 129-рэ, хэщIэкIэр сом мелард 29-рэ мелуан 921-рэ хъун хуейщ.

Правительствэм апхуэдэу къыхелъхьэ лэжьапIэхэр, пособиехэм зэрыхагъахъуэ, компенсацэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрат щIыкIэм теухуа республикэ закону 7-м къагъэув Iэхуэгъуэ щхьэхуэхэр гъэзэщIэныр 2016 гъэм щIышылэм и 1-м нэсыху къызэтрагъэувыIэну. Абы теухуа зыхуэфащэ документ мыгувэу КъБР-м и Парламентым ягъэхьыпщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Фэеплъ

УсакIуэшхуэр ящыгъупщэркъым

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, СССР-ми РСФСР-ми я Къэрал саугъэтхэм, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтым я лауреат Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ уэрамым тет и фэеплъым мэкъуауэгъуэм и 4-м удэ гъагъахэр тралъхьащ, усакIуэр дунейм щехыжа мазэм ирихьэлIэу. Фэеплъым дежь щIэзэуэсат усакIуэм и благъэхэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр, лъэпкъ интеллигенцэр, курыт еджапIэхэм щIэсхэр, и усэхэр фIыуэ зыльагъуэхэр. КъыкIэлъыкIуэу цIыхубэ усакIуэр щагъэлъэпIащ ар къыщалъхуа Шэджэм районым.

- УСАКIУЭШХУЭР къызэрытхэмытыжрэ илъэс 30 хъуами, нобэр къызэдэсым дигу ихуркъым. Дунейм щытетым гугъуехь куэдым пхыкIыну къызыхуихуа Къайсын къызэфIэмыщIэу цIыху гуапэу къызэтенат, хуэныкъуэ дэтхэнэми дэIепыкъуу, щIыналъэм щыпсэухэм я гуэзвэгъуэр ящхьэщихьу. Кулиевым и усэхэм гъащIэм дыхурагъаджэ, щыуагъэхэм пэIащIэ дащI. «Псэухэм - мамырыгъэрэ гуфIэгъуэрэ», «ЦIыху псори хэти фIыуэ хуэльагъунущ, уэ гъунэгъур фIыуэ лъагъуф», - жиIэу щытащ Къайсын, зэгъунэгъуэр фIыуэ дыззэрыльагъуу, дыззэрыльытэу дыпсэун папщIэ. Кулиевыр ящыщщ илъэсищэ бжыгъэкIэ ящымыгъупщэну усакIуэхэм, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьэдин пэкIур къыщызэIуихым.

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Созаев Ахьмэт и псалъэм къыхигъэщащ зи тхыгъэхэмкlэ гуапагъэм, цIыхухэр фIыуэ лъагъуным ухуэзызэщI Кулиев Къайсын къэзыщIыхуу щыта дэтхэнэми ар и ныбжьэгъуу, и егъэджакIуэу жиIэ зэрыхъунур. УсакIуэ зэчиифIэу зэрыщытам и мызакъуэу, абы псэ зыIуту дунейм тету хъуар фIыуэ зэрилъагъум, зэрыщIыху гуапэм псори дихьэхырт, - жиIащ Созаевым. Ар къеджащ Кулиевым хуитха «На проспекте Къайсына» и усэм.

Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим жиIащ балъкъэр усакIуэшхуэм и фэеплъым и деж дапщэщи цIыхушхуэ зэрыщыIэзхуэсыр, КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ яку зэныбжьэгъуГэ быдэ зэрыдэлъар, Хэкум и щхьэхуитыныгъэр къытхуэзыхьа, лъэпкъым и къуэ щэджащэхэм, усакIуэ цIэрыIуэхэм я тхыгъэхэм ноби щIэупщIэ зэраIэр, ахэр цIыхухэм зэрызэIэпахыр, апхуэдэхэр зэрыщапхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ къытеувыIащ Кавказым ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр зыльытэу щыта усакIуэшхуэр къызыхэкIа балъкъэр лъэпкъыр, абы щыщ цIыхухэм я хьэл-щэн дахэхэр дуней псом цIэрыIуэ зэрыщищIам, урысейпсо, дунейпсо литературэхэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIам, и фэеплъым ущыблэкIкIэ абы кьыпкъыкI хуабгъэр зэрызыхэпщIэм.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI, Кулиевым и ныбжьэгъуу щыта Взрокъуэ Владимир къызэхуэсахэм ядэгуэшащ усакIуэм теухуа и гукъэкIыжхэмкlэ. Къайсын и зы усэ едзыгъуэ кьеджа нэужь жиIащ зэман дэкIыху усакIуэм и тхыгъэхэм яIэ щIэупщIам нэхъри хэхъуэрэ зэрыкIуэнур.

Кулиев Къайсын и иужьрей махуэхэр щигъэкIуа, и цIэр зезыхьэ фэеплъ унэ-музейм кIуащ зэхьыхьэ кърихьэлIахэр. ЦIыхубэ усакIуэм къыщIэна щыгъынэхэр, тхылъхэр, дэфтэрхэр, сурэтхэр щахьумэ музейм зыщащIыхьыащ, Кулиевым и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ тепсэлъыхьащ, и Iадакъэщ1кIхэм кьеджащ.

Шэджэм районым и лIыкIуэ Хъэсанш жиIащ Кулиев Къайсын усыгъэр, гъуэджэр, ныбжьэгъухэр, цIыхухэр ильытэу, ахэр и гъащIэм къыгуэхьлIэ имыIэу зэрыпсэуар.

Къайсын и щхьэгъусэ Элизэт усакIуэр зэращымыгъупщам папщIэ зэхьыхьэхэм хэтахэм фIыщIэ яхуищIа нэужь, дунейм ехьжа и щхьэгъусэм и усэ къьхуеджащ.

ТЕКIУЖЬ Зарет.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Нобэ Урысыбзэм и махуэщ

Псоми зэдыдоIэт

Нобэ ди къэралым щагъэлъапIэ Урысыбзэм и махуэшхуэр. А бзэм иIэ мыхьэнэр апхуэдизу инщ, лъагэщи, ар щалIэт хъунущ дуней псоми.

ДИ ХЭКУМ зэралыбзэ нэхъыщхьэ дыдэу къыщалъытэ урысыбзэм и махуэшхуэр ирырагъэгъахьэлIэ урыс литературэм и классик Пушкин Александр къыщалъхуа махуэм. Пушкиным и кьалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэ щэджащэхэм фIэкIа урысыбзэм кIымыгъэщIами, шэч хэмылъу, а бзэр цIэрыIуэ дэнэкIи щыхъунт. Урысыбзэщ зэрытхар дунейпсо литературэм и тхыгъэ нэхъыфIхэр. А бзэращ философие гупсысэ куухэм, щIэныгъэ къхэутэныгъэ лъагэхэм я нэхъыбапIэр щIыхубэм я деж нэзыхьэсар. Урысыбзэр къэралыбзэу щалъытэр ди хэкум хьыхьэ щIыналъэхэм я закъэкъым, атIэ хамэ къэралхэми апхуэдэ пщIэ щIиIэщ.

Урысыбзэр зыIурылъ цIыхур гугъу емыхьу ягурыIуэфынущ полякхэми, белорусхэми, украинхэми, чеххэми, молдаванхэми, нэгъуэщI славян лъэпкъхэми. Нэхъ бзэ дахэхэм, къулейхэм, тхыдэ гъуэгуанэ купщIафIэ зиIэхэм хальитэ урысыбзэм ехъумэ зей лъэпкъым и хабзэхэр, щэнхабзэр, хьэл-щэныр.

Урысхэм я гъусэу, нобэ а махуэшхуэр зэдыдоIэт УФ-м, гъунэгъу щIыналъэхэм щыпсэу цIыху куэдым.

КЪАРДЭН Маритэ.

Мэкъуауэгъуэм и 6, щэбэт

Мы махуэхэм

♦Урысыбзэм и махуэщ. ООН-м Жылагъуэ хъыбарегъащIэ Iэхэущlапlэхэмкlэ и департаментым и жэрдэмкlэ ягъэлъапIэ. Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм нэхъ къыгъэсэбэп бзиным ящыщщ урысыбзэр, инджылызыбзэм, хьэрпыбзэм, испаныбзэм, китаибзэм, франджыбзэм яхуэдэ дыдэу.

♦Пушкиным и махуэр Урысейм щагъэлъапIэ. 1799 гъэм урыс усакIуэшхуэ Пушкин Александр къэлъхуащ

♦1944 гъэм етIуанэ фронтыр къызэIуихащ.

♦1945 гъэм «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм и кьару емыблэжу зэрылэжьам папщIэ» медалыр ягъэуваащ.

♦Ингуш Республикэм щекIуэкIынущ а щIыналъэр Урысейм зэрыхыхьэрэ илъэс 245-рэ зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ дауздапщэкэр. Абы ирагъэблагъащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

♦УЕФА-м и Чемпионхэм я Лигэм мы гъэм пашэ щыхъунур щыIэжагъэкI кIэух зэдаджэгуГуэр екIуэкIынущ. ЗэIущIэр Берлин и Олимпиаштадион стадионым щекIуэкIынущ. Абы щызэпэщIэтынур Италием и «Ювентус», Испанием и «Барселона» командэхэрщ.

♦ТхакIуэ, егъэджакIуэ, СССР-м егъэджэныгъэмкlэ и лэжьакIуэ нэхъыфI **Апажэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Гъуэдджэхэмкlэ Петровскэ академием и академик, УФ-м метеорологиемкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Хьэжбарэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщынущ, уафэгъуагъуэ зыщIэт уэшх пIалъэ-пIалъэкIэрэ къыщешынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 18 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 7, тхьэмахуэ

♦Мелиораторым и махуэщ

♦Алтай Республикэм и конституцэр къыщащта махуэщ

♦1881 гъэм Пушкин А. С. и фэеплъ Москва къыщыхэзIуахащ.

♦1936 гъэм КъБР-м Физкультурэмрэ спортымкlэ и республикэ комитет къызэрагъэпэщащ.

♦Мексикэм и Парламентым и депутатхэр хахынущ.

♦Тыркум парламент хэхыныгъэхэр щекIуэкIынущ.

♦Драматург, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **Хъурмэ Хьусен** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ адыгэ тхакIуэ, Нобель саугъэтым литературэмкlэ и лауреат 2006 гъэм хъуа **Памукъ Орхан** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Тэтэр Анатолий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 17 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 8, блыщхьэ

♦Хьэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Социальнэ лэжьакIуэм и махуэщ

♦Карелие Республикэм и махуэщ

♦1661 гъэм Идар Темрыкъуэ и къуэрылъху Черкасский Муцал дунейм ехьжащ.

♦1943 гъэм Налшык интеллигенцэм щригъэкIуэкIащ фашистхэм я бий пэкIу.

♦Совет Союзым щэнейрэ и ЛIыхъужь, авиацэм и маршал **Кожедуб Иван** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу. Хэку зауэшхуэм и зэманым ар уэгум 330-рэ ихьащ, бийм и къхъухьлъатэу 60-м щIигъу къриудыхащ.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, Урысей артиадэм и лауреат **МахуэлI Хъаджэт** къыщалъхуа махуэщ.

♦Эверест дэкIа адыгэ бзылъхъугъэ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэз Каринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык уэфIу щыщынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ, жэщым градус 14 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

Гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIащ

Республикэм гъатхэсэ къэкIыгъэхэр щIым хэлъхьэныр щызэфIэкIащ. Районхэм мэкъумэш хозяйствэмкlэ я упраВленэхэм зэкIэ къата бжьгъэхэм къызэрагъэлъагъэмкlэ, псори зэхэту гектар мин 243,5-рэ хасащ, абы щыщу гъавэмрэ джэшхэкIхэмрэ гектар мини 150,8-рэ, сэхуранырэ гектар мин 23-м нэблагъэ, кIэртIофыр гектар мин 13, хадзэкIхэр гектар мин 18, Iусыпхъэ къэкIыгъэхэр гектар мин 27,6-рэ мэхъу.

Мы гъэм гъавапхъэу Iуахьжьмэ папщIэ нартыхуу гектар мини 3,6-кIэ, сэхурану гектар мин 1,4-кIэ, Iусыпхъэ къэкIыгъэ гектар мини 7-кIэ, хадзэкIыу гектар 700-кIэ нэхъыбэ хасащ.

Мы гъэм жыг хадзэм гектар 750-рэ къахэхъуащ, жыгхэр иджыри хасэри, а бжьгъэр гектар 800-м щIрагъэгъунущ. Бжьыбэхэм жыгыщIэу гектар 600 хуэдиз хасэну я мурадщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныкIэ къэрал программэм ипкъ иткIэ къэкIыгъэ псори жыгыщIэу зэрахьэну икIи нэхъыбэ къыгъэрахьэфну щогугъ. Дыззрыт илъэсым гъавэрэ джэшхэкIыу тонн мин 850-м щIигъу, кIэртIофу тонн мин 235-рэ хуэдиз, хадзэкIыу тонн мин 360-рэ, пхъэщхьэмыщхьэу, мэракIу зэмылIэужьыгъуэу тонн мини 125-рэ кърахьэлIэфыну я гугъэщ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Хабзэхъумэхэм Iэщэ яIыгъыу къаззрыпэщIэуам фIы щIахакъым

Щэхурылажьэ бандэ гупымрэ абыхэм я дэIепыкъуэгъуэхэмрэ къэльыхъуэным хуэгъэза лэжьыгъэхэр щагъэкIуэкIым Урысейм и ФСБ-м и органхэм хьыбар къаIэрыльащ терроризмэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэр зыльжьаxэм ящыщ гуп Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хиубыдэ Бахъсэн районым зэрыщалъэгъуам и хъыбар.

ЩIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъун, цIыхухэм шынагъуэ къатемыгъэхьэн мурадкIэ икIи бандэ гупхэм хэтхэр къальыхьуэн икIи къаубыдын папщIэ Террорым пэщIэтынмкlэ лъэпкъ комитетым КъБР-м щыIэ и штабым и унафэщIым игъэващ дыгуасэ пщэдджьыкIым сыхьэти 5-м щегъэжьауэ зыхуэфащэ пчыкIыгъэкIэ Хьэпlохъущыкъуей къужэжм и ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкlэ щегъэкIуэкIыным теухуауэ.

ЩIэпхъаджащIэхэм зыщагъэбыда блиндажыр къагъуэтри, Урысейм и ФСБ-мрэ МВД-мрэ я лэжьакIуэхэм къауХъуреихьащ. Абдеж ирашэлIащ зыхуеину Iэщдрэ техникэрэ. Бандитхэм зыкъатыну хуагъэуващ. Ауэ ахэр хабзэхъумэхэм Iэщэкlэ къапэщIэуэвэри, зэхэуэу хуежьащ. Абдеж щIэпхъаджащIэу тIу щаукIащ. Ахэр КъБР-м и щIыналъэм щыIэ щэхурылажьэ бандэ гупхэм ящыщу ищхъэрэ-къухькIыпIэ лъэныкъуэм зыщыщзыгъэпщкIуэхэм ящыщщ.

Зэхэуэр щекIуэкIа щIэпхъаджащIапщыкIым автоматхэр, кIэрахьуэ, гранатэхэр, гранатыдзым и шэ, псори зэхэту тротил килограммитIым и кьару зиIэ лагъым Iэрыщ1 къагъуэтащ.

ЩIэпхъаджащIэхэр зэрауклам, цIыхухэм я уэшшагъэм, мылъкум зэраныгъэ ягуэныкIэ шынагъуэ зэрыщымыIэжьым къыхэкIыу ищхьэкIэ къыщыгъэнэжауэ щIыналъэм щхьэщахьащ. Террорым пэщIэтынымкlэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI щыпIэм и хабзэр.

Террорым пэщIэтынымкlэ лъэпкъ комитетым и хъыбарегъащIэ центр.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Насыпыр пщэдджьыжьым ягуэш.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ корпупсм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэспалъэ хъун телефонэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Налшык щыщ унагъуэхэм щIанIэхэр иратынущ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

ЗэIущIэм хэтахэм даIыгъащ «2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я къэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетым и IэхэукIэ» КЪР-м и Законым къыдэхащ къэбарыр. Ар зытеухуар ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и щIыналъэ фондым и бюджетым хэхъуэхэмрэ хэщIэхэмрэ ятеухуа статьяхэр щIэуэ хэгъэхъэныщ. Ахэр ятеухуащ медицинэм и лэжьакIуэхэм зэрыIыгъуэ иратыжын папщIэ бюджет зэхуакъ трансфертхэм ящыщу сом мелуан 24-рэ хухэхыным, апхуэдэу федеральнэ субсидиехэм щыщу къэна сом мелуан 240-м егъэгъэзэжыным. А псоми апхъэ иткIэ КЪР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетым и хэхъуэр сом меларди 6-рэ мелуан 148-рэ, хэщIхэр сом меларди 6-рэ мелуан 355-рэ хъуэу щытынущ.

2015 гъэм мэкъуаэгъуэм и 6-м КЪР-м щIрагъэкIуэкI сабийхэм ядэIэпыкъуным теуухуа щIыхьэку. Абы къыщIалэжьа ахъшэр гъэ аджэгъуэщIэм и пэ кьихуэу унагъуэ нэхъ хуэмыщIахэмрэ сабий куэд зэрыс унагъуэхэмрэ иратынущ, дэтхэнэ зы сабийми сом мини 2 хуэзэу.

Унафэ пыухыкIа тращIыкьащ сабийр къызэралъхуам къыхэкIыу зэуэ зэрыдзIэпыкъу ахъшэр зэрырат щIыкIэм. Япэхэм ахъшэ къыIахьи папщIэ зыхуэфащэ органым зэрызыхуаГъэзэну тхыльыр ЗАГС-м и органхэм къыIахьи хуейт. Апхуэдэ хабзэм гугъу иригъэхьырт зи сабийхэр нэгъуэщI щIыналъэхэм къыщалъхуаХэр икIи щатхаХэр (апхуэдэ сабийхэм я бжыгъэр гъэ къэс 400-м нэблагъэрт). ДяпэкIэ адэ-анэм зэрадэIэпыкъу ахъшэр ятынущ сабийр къызэралъхуамкIэ щыхьэт тхылъым ипкъ иткIэ, а тхылъыр къыщыIахауэ щыта щIыналъэр зыхуэдэм емылъытаэ.

Сабийхэм я узыншагъэр щрагъаФIакIуэ ІэхуущIапIэу кьалэ щыбхэм щыIэхэм гъэмахуэ зэманым школакIуэхэм 2015-2017 гъэхэм зыщегъэгъэпсэхуным республикэ бюджетым и ахъшэ хухахри трагуэшащ. Мы гъэм апхуэдэ ахъшэу Май, Тэрч, Дзэлыкъуэ районхэм ягъэхьащ сом мелуан 11,1-рэ.

ЗэIущIэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ КЪР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэралкомитетым и унафэщIым дяпэкIэ ещанэ хъуэдзэ иIэнчуд, инвестицэ проект нэхъ инхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъу. Абы экономикэмкIэ, инвестицэ программэ хэхахэмкIэ, Іэхэуцтыбзэхэр къыщхъухьмкIэ къудамэм и унафэщIым дяпэкIэ ещанэ хъуэдзэ иIэнчуд, инвестицэ проект нэхъ инхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъу. Абы экономикэмкIэ, инвестицэ программэ хэхахэмкIэ, Іэхэутхьбзэхэр къыщхъухьмкIэ къудамэм и унафэщIым и къэлэнэри зэригъэзащIэнум къыхэкIыу мы ведомствэм щылажьхэм я бжыгъэм зэхъуэнукъым.

ЗэIущIэм къыщащтащ КЪР-м и къуажэхэр социальнэ, инженер инфраструктурэм и Іэхэущ1апIэхэмкIэ къыдэгъэзэжынымкIэ федеральнэ бюджетымрэ республикэ бюджетымрэ я ахъшэр къыдэгъэзэжынымкIэ щыкIэр. Мы Іэхэум хеубыдэ курыт еджапIэхэр, фельдшер-акушер Іэхэущ1апIэхэмрэ кьужэ дохутырхэм я Іэхэущ1апIэхэмрэ, спорт ухуэныгъэхэр, щэнхабзэ-зыгъэпсэхуп1э Іэхэущ1апIэхэр, газымрэ псымрэ зэрыстрагуашэ бжьамийхэр. Абыхэм трагъэкIуэдэну бюджет ахъшэм унафэ хуэзыщIынур КЪР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэрщ.

Дызэрыт илъэсым КЪР-м и сабий садхэр къагъэщIэрэщIэжьынымкIэ зэрытрагуашэ бжьамийхэр. Абыхэм трагъэкIуэдэну бюджет ахъшэм унафэ хуэзыщIынур КЪР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэрщ.

Дызэрыт илъэсым КЪР-м и сабий садхэр къагъэщIэрэщIэжьынымкIэ зэрытрагуашэ бжьамийхэр. Абыхэм трагъэкIуэдэну бюджет ахъшэм унафэ хуэзыщIынур КЪР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэрщ. Мы Іэхэум хеубыдэ курыт еджапIэхэр, фельдшер-акушер Іэхэущ1апIэхэмрэ кьужэ дохутырхэм я Іэхэущ1апIэхэмрэ, спорт ухуэныгъэхэр, щэнхабзэ-зыгъэпсэхуп1э Іэхэущ1апIэхэр, газымрэ псымрэ зэрытрагуашэ бжьамийхэр. Абыхэм трагъэкIуэдэну бюджет ахъшэм унафэ хуэзыщIынур КЪР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэрщ.

Унафэ пыухыкIа тращIыкьащ сабийр къызэралъхуам къыхэкIыу зэуэ зэрыдзIэпыкъу ахъшэр зэрырат щIыкIэм. Япэхэм ахъшэ къыIахьи папщIэ зыхуэфащэ органым зэрызыхуаГъэзэну тхыльыр ЗАГС-м и органхэм къыIахьи хуейт. Апхуэдэ хабзэм гугъу иригъэхьырт зи сабийхэр нэгъуэщI щIыналъэхэм къыщалъхуаХэр икIи щатхаХэр (апхуэдэ сабийхэм я бжыгъэр ятынущ сабийр къызэралъхуамкIэ щыхьэт тхылъым ипкъ иткIэ, а тхылъыр къыщыIахауэ щыта щIыналъэр зыхуэдэм емылъытаэ.

Сабийхэм я узыншагъэр щрагъаФIакIуэ Іэхэущ1апIэу кьалэ щыбхэм щыIэхэм гъэмахуэ зэманым школакIуэхэм 2015-2017 гъэхэм зыщегъэгъэпсэхуным республикэ бюджетым и ахъшэ хухахри трагуэшащ. Мы гъэм апхуэдэ ахъшэу Май, Тэрч, Дзэлыкъуэ районхэм ягъэхьащ сом мелуан 11,1-рэ.

ЗэIущIэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ КЪР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэралкомитетым и унафэщIым дяпэкIэ ещанэ хъуэдзэ иIэнчуд, инвестицэ проект нэхъ инхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъу. Абы экономикэмкIэ, инвестицэ программэ хэхахэмкIэ, Іэхэутхьбзэхэр къыщхъухьмкIэ къудамэм и унафэщIым и къэлэнэри зэригъэзащIэнум къыхэкIыу мы ведомствэм щылажьхэм я бжыгъэм зэхъуэнукъым.

ЗэIущIэм къыщащтащ КЪР-м и къуажэхэр социальнэ, инженер инфраструктурэм и Іэхэущ1апIэхэмкIэ къыздэгъэзэжынымкIэ федеральнэ бюджетымрэ республикэ бюджетымрэ я ахъшэр къыздэгъэзэжынымкIэ щыкIэр. Мы Іэхэум хеубыдэ курыт еджапIэхэр, фельдшер-акушер Іэхэущ1апIэхэмрэ кьужэ дохутырхэм я Іэхэущ1апIэхэмрэ, спорт ухуэныгъэхэр, щэнхабзэ-зыгъэпсэхуп1э Іэхэущ1апIэхэр, газымрэ псымрэ зэрытрагуашэ бжьамийхэр. Абыхэм трагъэкIуэдэну бюджет ахъшэм унафэ хуэзыщIынур КЪР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэрщ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Маржэ, адыгэ пщащэхэ!

2015 гъэр Литературэм и илъэсу зэрагъэувам хьыхьэу республикэм зэхьыхь, зэпеуэ зэхуэмыдэхэр щокIуэкI. Апхуэдэщ Налшык къалэм и гимназие №4-м щекIуэкIа «Маржэ, адыгэ пщащэхэ!» зэпеуэр.

ПШЫХЬЫР ирагъэкIуэкIащ ебланэ классым щеджэхэу Тимазэ Мухьэмэд, ПащIэ Къазбэч, Сэбаншы Къазбэч сымэ.

ЗэрытщIэщи, щIэблэр бгъэсэным зэманрэ гугъуехь куэдрэ пыщIащ. Адэ-анэхэмрэ еджапIэхэм я ІэжьакIуэхэмрэ зэдэIэпыкъумэщ абыхэм уащыпэлъэщынур.

Шэч хэлъкъым щIэблэ губзыгъэ, зэманым къигъэувым пэлъэщ дыдэрИэм. Ауэ зэманым декIун папщIэ куэд зыщIэн хуейкъым ящымыгъупщэжу пIэрэ къыдыхэкIа лъэпкъым и хабзэр, нэмысыр, бзэр? Ар къэмыхъуным теухуауэ лэжьакIуэшхэу щокIуэкI Налшык къалэм и гимназие №4-м. Мы зэпеуэри абыхэм ящыщ зыщ.

«И щIэблэм анэдэлхубзэр Іурилъхьэфмэ, лъэпкъыр псэунущ», - къыхихыщащ и псалъэхэм еджапIэм и унафэщI Нэгъуей Риммэ. Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ дерсхэм къищынэмыщIа, бзэр щIэблэм зэрагъэбзэрабзэр ягъэнэIуэн мурадкIэ, «Маржэ, адыгэ пщащэхэ!» зыфIаща зэпеуэр егъэджакIуэхэм я жэрдэмкIэ къыззрагъэпэщащ.

Зэпеуэм хэтащ гимназием и еджакIуэхэу Вэрокъуэ Алинэ, Гъубжокъуэ Алинэ, Дау ФатIимэ, ТекIушэ Роксанэ, Хьэткъуэ Дианэ, ХьэцIыкIу Лианэ, Щоджэн Алинэ, Щоджэн Залинэ сымэ. Пщащэхэр зэхьэзэхуащ фIэхъыус хъынымкIэ, усэ кьеджэнымкIэ, хьэхъыдэнымкIэ, къэфэнымкIэ, адыгэ шхыныгъуэхэр гъэхьэзырымкIэ.

УигъэгфIэрт хъыджэбз цIыкIуэхэм я теплъэ кьудейм. Дэтхэнэ зыми адыгэ фащэ екIур и пкъым хуэфIу щыгът. Пщащэхэм адыгэбзэм теуха, я гурыщIэ щэхуэхэр щIагъэбзэкIэ къыщызэрыпльэ усэхэм ГъэхуауэI кьеджащ, псалъэжьхэр жаIащ, уджым зэрыхэтыфыр къагъэлъэгъуащ. Унэгуащэ екъэжьам и пщэфIэкIэм ехьэжъуфыну къыпфIащIыкIт, хъыджэбзхэм я ІэбэкIэм гур игъэзагъэрти.

Зэпеуэм кърикIуэхэр зэхалъхьажа нэужь, япэ увыпIэр Щоджэн Алинэ хуагъэфэщащ. ЕтIуанэр лъагъэсащ Щоджэн Залинэ. Ещанэ хъуащ ХьэткъуэДианэ. Зэхьэзэхуэм хэта псоми щIыхь тхыльхэр ираташ.

КIУЭКIУЭ ХьэIишэт.

● Щапхъэ

НэхъыфIыж хъуну догугъэ

ЩIэныгъэр щытепщэ унагъуэм къыщыхъуа Къардэн Маринэ иджыри сабий щыкIэ тхылъыр Іэпэгъу ищIащ: псалъэ къэс я купщIэм куууэ егупсысу, зэрджэм дерс гуэр Іэмал имыIэу къызэрыхихыным ящхь иту. Хьэбил, Маринэ и адэр, и Іэщ1агъэкIэ егъэджакIуэт, КъБКъУ-м и проректорыи зэман гуэркIэ щытащ, и анэ Раисэ (Нырхэ япхъущ) илъэс 47-кIэ сабий дзэ дохутыру лэжьащ.

ХЪЫДЖЭБЗЫМ и адэми и анэми я фIагъ гуэркIэ езым зыхилъхьэжащ: адэм и щIэныгъэр, анэм и Іэщ1агъэр. Апхуэдэу 1987 гъэм Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №95-р къиуха нэужь, Маринэ КъБКъУ-м и «Лечебное дело» факультетым кардиологиемкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. 1993 гъэм еджапIэ нэхъыщIхьр дипломыр плъыжькIэ абы къиухри, ординатурэми и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ. Кардиолог Іэщ1агъэм илъэс зыбжанэкIэ ирилэжьауэ, Къардэным мурад ещI стоматолог Іэщ1агъэри зригъэгъуэтыну. ИкIи 2000 гъэм КъБКъУ-м и «Стоматолог-терапевт» къудамэм щIотIысхьэри, аргуэрри диплом плъыжькIэ кьеух.

МедицинэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэу тIу зэзыгъэгъуэта Маринэ и гуэргур зэIухат. Абы хуэгъэкъарууныр къэралым и клиникэ нэхъыфI дыдэхэм щылажьэныр. АрщхьэкIэ «сыкъыщалъхуа Налшык къалэр схуэбгынакъым», - жеIэ абы.

Нобэр къыздэсым ар щолажьэ зэгуэр и анэр зыIута Республиканскэ стоматологие центрым. Дохутыр Іэзэм и гуащIэри щIэныгъэри зыхуэунэтIар зыщ - щалъхуа республикэм и сымаджхэхэм я узыр ящхьащихыныщ. Ар дэтхэнэми гупсэхуу йоIэзэ. ЙоIэзэ хущхъуэ нэхъыфIхэмрэ махуэ къэс кьежьэ Іэмалыщ1э къэунэхуэмрэ къигъэсэбэпурэ.

«Медицинэм махуэ къэс зеужь. Абы щIэуэ къыхихьэ сыт хуэдэ Іэмалри джын хуейщ. Стоматологиери йофIакIуэ. Іэмэпсымэхэр, кIуэ пэтми нэхъыфIыж ящIурэ къызэрыдэкIым Іэмал кьыдет цIыхум яхуэтщIэ Іуэхутхьэбзэхэр къызыхуэтынщэу зэфIэдгъэкIыну», - жеIэ Маринэ.

ГурыIуэгъуэщI, стоматологием зэрыхамыщIыкIым къыхэкIыу, цIыкIури инри дзэ дохутырым зэрыщыщынэр. Маринэ сыт и лъэныкъуэкIи цIыхум и гур зэригъэсабырыным пылыщ. Хьыбар, гушыIэ зэхуэмыдэхэр абы и куэдщи, и сымаджэм зэманыр зэрыкIуар къимыщIэу, и дзэри хуэжауэ дохутырым хуэарэзыуэ щIокIыж.

Маринэ и Іэщ1агъэм къищынэмыща, психологием и щэхуэхэми щыгъуазэщ, абы къыхэкIыу Къардэным сымаджхэхэр тыншу къыдихьэхьи хуэзэфIокI. Абы зэрыжиIэмкIэ, иужьрей зэманым узынщагъэр хъумэным гупсыIэ нэхъ игъуэт хъуащ. «КъБР-м и Іэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий и фIыщIэкIэ, республикэ унафэщIхэм медицинэм и нэIэ нэхъ трагъэт хъуащ. Сымаджэщ зыбжанэ зэрагъэпэщыжащ, техникэщIэхэр къащхъуащ. Догугъэ дяпэкIи медицинэ Іэнатlэр нэхъыфIыж хъуну», - жеIэ дохутырым.

Маринэ унагъуэ дахи иIэщ. Ипхъу нэхъыжь Каринэ илъэс 18 мэхъу. Ар уэрэд жыIэным дехьэх, инджылызыбзэмрэ испаныбзэмрэ едж. НэхъыщIэр, Аидэ, илъэс 14 мэхъу. Абыи уэрэд жыIэнир зыхилъхьэ щIыгъкъым.

ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт,
КъБКъУ-м и студент.

● Футбол

ЗэкIэ зэдобакъуэ

КЪР-м футболымкIэ и чемпионатым и епщIанэ джэгуГъуэм хуабжьу уадэзыхьэх зэIущIэ зыбжанэ щыIэхэтащ. Абыхэм щыIэхуэзат зэгъуэнэгъу командэхэр.

«ЛогоВАЗ»-мрэ «Автозапчасть»-мрэ Бахъсэн щыщIэзхуэзэ накъыгъэм и 30-м ирихьэлIэу зэхьэзэхуэм ялэ етIуанэ увыпIэкIэ щыIэдагъэшыт. Дауи, ахэр хущIэкIуащ зым адрейр бжьыпэм тригъэкIуэтыну. Зэхьэрэгъэгъуэм ар яхуэзфIэкIащ. Ахэр апхуэдизкIэ ерыщу зэныкъуэкъуэти, тIуриуфIэ зырыкIэ къыззрегъэкIуэтэщ.

Бахъсэндэсхэр, хэгъэрейхэм зэрахабзэу, нэхъ тегушхуауэ джэгуащ. АрщхьэкIэ Бабугент къыкIэкIэ хагъэщIащ. Ар ЕтIуанэ-Бабугент (Бахъсэн) - **2:0**, «Кэнжэ» (Кэнжэ) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **3:2**, **«Родник»** (Псынэдах) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтIуанэ) - **3:6**, **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **«Союз»** (Налшык) - **2:3**, **«Щтауч»** (Шэджэм) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **2:3**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Ищхъэрэ) - **1:3**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Бедик»** (Арщыдан) - **1:3**, **«Нарт»** (Нартхьалэ) - **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **2:0**.

НыбжьыщIэхэм я зэпеуэм Нартым бжьыпэр зэрыщIыгъащ. Абы иджыри къэс очкоитI фIэкIуэдауэ аращ. Нарт-къалэдэсхэм кIэщIу яужь къитщ «Автозапчасть»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Къэхъун»	10	8	2	0	35-5	26
2. «ЛогоВАЗ»	10	8	2	0	37-14	26
3. «Автозапчасть»	10	8	1	1	48-15	25
4. «Нарт»	10	6	1	3	28-19	19
5. «Къэбэрдей»	10	5	3	2	23-19	18
6. «Бахъсэн»	10	5	2	3	14-22	17
7. «Бедик»	10	5	2	3	18-12	17
8. «Кэнжэ»	10	5	1	4	34-29	16
9. «Союз»	10	5	1	4	28-19	16
10. «Спартак-Д»	10	4	0	6	24-18	12
11. «Шэджэм-2»	10	3	1	6	14-25	10
12. «Велес»	10	3	1	6	23-39	10
13. «Тэрч»	10	3	0	7	20-32	9
14. «Щтауч»	10	2	1	7	16-28	7
15. «Псыгуэнсу»	10	1	0	9	6-36	3
16. «Родник»	10	0	0	10	19-55	0

Кубокым ухуэзышэ гъуэгу

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и Кубокыр 2015 гъэм къэхьыным теуухуа зэхьэзэхуэм пащэ. Иджыблагъэ екIуэкIащ финалым и 1/8-нэ Іыхьэм хьыхь зэIущIэхэр.

НЭГЪАБЗРЕЙ кубокым и зэхьэзэхуэм и финалым щыджэгуа «Кэнжэмрэ» «Къэхъунымрэ» лъэбакъуэхъукIэ иджыри кIэух зэIущIэм хуокIуэ. Кэнжэдэсхэм я стадионым 5:1-уэ щыкагъэщIащ Шэрэдж Ищхъэрэ икIа «Къэбэрдей». «Къэхъуныр» 3:1-уэ ефIэкIащ Къэрэгъэш и «Велес»-м.

КЪР-м и чемпионатым щыпашэхэм ящыщ «Автозапчасть»-мрэ «ЛогоВАЗ»-мрэ кубокми щыхуэмыхукъым. НэгъуэщI щIыпIэхэм щыщIаами, абыхэм я хьэрхуэрэгъуэхэр бжьгъэшхэкIэ хагъэщIащ. Япэр «Шэджэм-2»-м - 3:0-у (къызэрымыкIуам къыхэкIыу), етIуанэр «Союз»-м 4:0-у текIуащ.

ЗэIущIэ гуащIэ Нарткъалэ щекIуэкIащ. Абы щызэхуэза «Нартымрэ» Аргудан и «Бедик»-мрэ я къарукIэ зэхуэфащэу къыщIэкIащ икIи джэгум хухаха дакъикъэ бгъущIми, къыщIагъуа сыхьэт ныкъуэми нэхъ лъэщыр зэхигъэкIакъым (1:1). Апхуэдэу щыхьэм, пенальти еуэн хуей хъуащ. Абы хьэщIэхэр 4:3-уэ щынэхъыфIащ.

Кубокым ухуэзышэ гъуэгум зи чэзу лъэбакъуэхэр щачащ «Бахъсэным», «Тэрчым», «Спартак-Д»-м. Абыхэм, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, хагъэщIащ «Щтаучыр» (3:2), «Псыгуэнсур» (3:1), «Родник»-р (2:0).

Мыгувэу финалым и 1/4-нэ Іыхьэм хьыхь зэIущIэхэр екIуэкIынущ. Абы щызэхуэзэнущ «Къэхъун» - «Бахъсэн», «Тэрч» - «Спартак-Д», «Кэнжэ» - «ЛогоВАЗ», «Бедик» - «Автозапчасть» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Владикавказ

Къафэм дунейр егъэдахэ

Осетие Ищхъэрэ-Аланием и къалащхьэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «ЗэныбжьэгуГъэм и къафэ» етхуанэ дунейпсо фестивалыр. Иужь илъэсхэм Кавказ псом цIэрыIуэ щыхъуа а зэхьыхьэм къафэным хуэзэкIуэкIуэ ныбжьыщIэхэр гъэ кIэс зэхуэмыдэу щытамэ, иджы а зэпеуэм къыкIуэ Урысейм и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэм щыщхэри. Мы гъэм фестивалым хэтащ Кърым хьтIыгуныкъуэм, Израилым, Алыджым, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIахэри.

ДАУИ, апхуэдэ зэхьихьэм укъыщыхэжаныкIыну гуапэщ. Фестивалым зи зэфIэкI къыщызыгъэпльэгъуахэм, абы пашэ щыхьуахэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа, «Къуршэм я бынэр» сабий ансамблыр. Абыхэм къыхуагъэфащащ дипломхэмрэ саугъэтхэмрэ. Ар я фIыщIэщ ди ныбжьыщIэхэм я гъэсакIуэ, КЪР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Кушмэзокъуэ Рафаилрэ абы и къуэ балетмейстер Алий-Бэчрэ. Я кьарум емыблэжу, гумызагъэу ди сабийхэм я къэкIуэнум я гуащIэхуэ зэрыхалъхьэм, ди ныбжьыщIэ цIыкIухэм я ехьулIэныгъэмкIэ дызэрагъэгушхуэм папщIэ ину фIыщIэ яхудощI абыхэм.

Апхуэдэу къыхэдгъэщыну дыхуейщ ди лъахэгъу ныбжьыщIэхэр а фестивалым хэтын папщIэ, мыльку кIэ щIэтэжъуэн къытухуэхуа «РусГидро» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Іэтащхьэ Отаров Къурмэн. Сабийхэми адэ-анэхэми хуабжьу дигу кьинэжащ Владикавказ къалэм и Іэтащхьэ Дзантиев Сергей къытхуищIа гулъытэшхуэри.

Гукъинэжу дагъэхьэщIащ, гуапэу кьыдбгъэдэтащ, пщIэ, нэмыс къытхуащIащи, дахуэарэзыщ, адэкIи ехьулIэныгъэ яIэну дохъуэхъу.

Гъэсэнхэм я адэ-анэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «IуащIэхэмахуэ», «Нур», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм я лэжьакIуэхэр, Гуманитар къхэутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьакIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым и доцент, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат **Бэрэздж Барэсбий** хуогузавэ абы ипхъу **Залинэ** игуэу нэмысу дунейм зэрэхыжам къыхэкIыу.

Къэрэшаевскэм и Къэрэшаевскэ

**Ищхъэрэ Кавказ федеральнэ округым и Къэрэшаевскэ-Черкесиям и Къэрэшаевскэ щыпсэу Къэрэшаевскэ ныбжьыщIэхэм я Къэрэшаевскэ-Черкесиям и Къэрэшаевскэ и Къэрэшаевскэ

Лъэпкъым игу хуэузырт

Литературэм и илъэс 2015

Нэхущ Мухьэмэд (1944 - 1994 гъэ.)

Нэхущ Мухьэмэд 1944 гъэм фокIадэм и 20-м Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщ Алий-Бэрдыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. И ныбжьыр зы илъэс фIэкIа иримыкъуауэ Мухьэмэд и адэр зауэм хэкIуэдащ. Анэмрэ и шыпхъу нэхъыжьхэмрэ яIащщIалэр. Адэзыщхьэщымытыж унагъуэм лIыуэ къинар а сабийрати, и ныбжьым емылытауэ, унагъуэм и тхьэмадэу ябжырт, абы къыхэкIкIэ, зэрыщIыкIу лъандэрэ лъэбакъуэу ичым и жэуап ихьыжыфу, унагъуэм цIыхухьу пщэрылъхэр щигъэзэщIэным хущIэкъуу къэхъуащ.

ХЭХЪУЭШХУЭ зимыIэ унагъуэр гъэсыныпхъэ хуэныкъуэми, хадэ-унагъуэ Iуэхухэр зэлъэгъэIэсын хуеими, зэрыхуэзфIэкIкIэ зэриГъэзэзэхуэрт икIи апхуэдэурэ гъащIэм иригъэсащ и щхьэ иПыжыфу, и щхьэ пщIэ хущIыжку, тегушхуэгъуафIэ заримыгъэщIу.

ЩIалэр дзэм ираджэри, Германием къулыкъу щищIащ. Дэнэ щымыIами, Мухьэмэд зэи игу ихуакъым ар адэнщэу и анэм зэрипIар. ИкIи усэ куэд хуитхащ и анэм. Мухьэмэд и усэхэм ялъэу гу лъыззэщIэтар и анэм хуиусахэм ящыщ.

Къулыкъу нэхъыбэм Нэхущым Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институтыр Москва къыщиухащ. Институтым и егъэджакIуэхэм гу къыльатауэ щытащ Нэхущым и талантым, икIи и цIыхугъэкIэ, гу пIанагъкIэ, щIалэм и псэ къабзагъкIэ, ныбжьэгъуфIэкIэ къыдихьэххэу яхэтащ Мухьэмэд къыдеджэхэмрэ езыгъаджэхэмрэ.

Унэм пэжыжьэ ущыхъукIэ, цIыхугъэкIэ узыщIигугъын уолъхьэу, псом ялъэ уи лъэпкъэгъум нэхъ ухуоплъэкI. Урысейм и къалащхьэм щигъэкIуа зэманым Мухьэмэд ныбжьэгъугъэм и уасэр, абы и къарур нэхъ куууэ зыхищIауэ щытащ.

Нэхущыр и усэхэмкIэ сцIыхуу щытами, нэхъ гъунэгъу дыщызэхэхуар Москвад. Езыр - литературэм, сэ техникэ щIэныгъэм сыхуеджэу институт зырызым дыщIэст, ауэ дызэхуэзэрт, Адыгэ Хасэ жытIэми е хьэщIапIэ дызэхуэзкIуэми, зэлъэпкъэгъуэгъэ дызэрыльаГъурт. Ноби Къэбэрдей-Балъкъэрми Адыгейми щыщу ЛитературэмкIэ институтым Мухьэмэд къыщыдеджэхэм я сурэт куэд си архивым хэлъщ.

Дэ, нэхъыбэр, абы дызэреджэр Мухьэмэд цIыкIут. Дауи, зэрыщIыкIуратэкъым апхуэдэу щIыжьитIэр, атIэ фIыуэ тлъаГъуу, дгъафIэу зэрыщIатрщ. Илъэс 50 иримыкъут абы къыхуиухар. Адыгэ лъэпкъми, литературэми, Iыхьлыхэми, ныбжьэгъуэми тфIэкIуэдащ усакIуэ хъарэзынэр, цIыху гуапэр, хьэлэлыр, ныбжьэгъуфIыр. Абы и лIэныгъэр гуаузыхуэу, нэщхьеяГъуэ ину щытащ ар зыцIыхуа псоми я деджкIэ. Игу хьэлэлыр псом папщIи зэIухауэ, нэгъуэщIым хуэщхьэпэныр, сэбэп хуэхъуныр езым ищхьэ Iуэхум ялъэ и псэ къабзагъкIэ, ныбжьэгъуфIэкIэ къыдихьэххэу яхэтащ Мухьэмэд къыдеджэхэмрэ.

Унэм пэжыжьэ ущыхъукIэ, цIыхугъэкIэ узыщIигугъын уолъхьэу, псом ялъэ уи лъэпкъэгъум нэхъ ухуоплъэкI. Урысейм и къалащхьэм щигъэкIуа зэманым Мухьэмэд ныбжьэгъугъэм и уасэр, абы и къарур нэхъ куууэ зыхищIауэ щытащ.

Нэхущыр и усэхэмкIэ сцIыхуу щытами, нэхъ гъунэгъу дыщызэхэхуар Москвад. Езыр - литературэм, сэ техникэ щIэныгъэм сыхуеджэу институт зырызым дыщIэст, ауэ дызэхуэзэрт, Адыгэ Хасэ жытIэми е хьэщIапIэ дызэхуэзкIуэми, зэлъэпкъэгъуэгъэ дызэрыльаГъурт. Ноби Къэбэрдей-Балъкъэрми Адыгейми щыщу ЛитературэмкIэ институтым Мухьэмэд къыщыдеджэхэм я сурэт куэд си архивым хэлъщ.

Дэ, нэхъыбэр, абы дызэреджэр Мухьэмэд цIыкIут. Дауи, зэрыщIыкIуратэкъым апхуэдэу щIыжьитIэр, атIэ фIыуэ тлъаГъуу, дгъафIэу зэрыщIатрщ. Илъэс 50 иримыкъут абы къыхуиухар. Адыгэ лъэпкъми, литературэми, Iыхьлыхэми, ныбжьэгъуэми тфIэкIуэдащ усакIуэ хъарэзынэр, цIыху гуапэр, хьэлэлыр, ныбжьэгъуфIыр. Абы и лIэныгъэр гуаузыхуэу, нэщхьеяГъуэ ину щытащ ар зыцIыхуа псоми я деджкIэ. Игу хьэлэлыр псом папщIи зэIухауэ, нэгъуэщIым хуэщхьэпэныр, сэбэп хуэхъуныр езым ищхьэ Iуэхум ялъэ и псэ къабзагъкIэ, ныбжьэгъуфIэкIэ къыдихьэххэу яхэтащ Мухьэмэд къыдеджэхэмрэ.

Нэхущыр и усэхэмкIэ сцIыхуу щытами, нэхъ гъунэгъу дыщызэхэхуар Москвад. Езыр - литературэм, сэ техникэ щIэныгъэм сыхуеджэу институт зырызым дыщIэст, ауэ дызэхуэзэрт, Адыгэ Хасэ жытIэми е хьэщIапIэ дызэхуэзкIуэми, зэлъэпкъэгъуэгъэ дызэрыльаГъурт. Ноби Къэбэрдей-Балъкъэрми Адыгейми щыщу ЛитературэмкIэ институтым Мухьэмэд къыщыдеджэхэм я сурэт куэд си архивым хэлъщ.

Дэ, нэхъыбэр, абы дызэреджэр Мухьэмэд цIыкIут. Дауи, зэрыщIыкIуратэкъым апхуэдэу щIыжьитIэр, атIэ фIыуэ тлъаГъуу, дгъафIэу зэрыщIатрщ. Илъэс 50 иримыкъут абы къыхуиухар. Адыгэ лъэпкъми, литературэми, Iыхьлыхэми, ныбжьэгъуэми тфIэкIуэдащ усакIуэ хъарэзынэр, цIыху гуапэр, хьэлэлыр, ныбжьэгъуфIыр. Абы и лIэныгъэр гуаузыхуэу, нэщхьеяГъуэ ину щытащ ар зыцIыхуа псоми я деджкIэ. Игу хьэлэлыр псом папщIи зэIухауэ, нэгъуэщIым хуэщхьэпэныр, сэбэп хуэхъуныр езым ищхьэ Iуэхум ялъэ и псэ къабзагъкIэ, ныбжьэгъуфIэкIэ къыдихьэххэу яхэтащ Мухьэмэд къыдеджэхэмрэ.

Унэм пэжыжьэ ущыхъукIэ, цIыхугъэкIэ узыщIигугъын уолъхьэу, псом ялъэ уи лъэпкъэгъум нэхъ ухуоплъэкI. Урысейм и къалащхьэм щигъэкIуа зэманым Мухьэмэд ныбжьэгъугъэм и уасэр, абы и къарур нэхъ куууэ зыхищIауэ щытащ

● Лъэпкъ шхыныгъуэ

Дзасэкіэ гъэжьа бжэныл

Бжэныл гъэгъупціам щыщу узыхуей Іыхьэр къапщтэ хъунущ, ауэ нэхъыбэм къыхахыр дзажэращ. Дзажэ гъэгъупціар г 150 - 200 хьу Іыхьэурэ якъутэ, псы хуабэкіэ ятхьэщіри, тІэкіу ягъэжэпхъыж. Лы гъэжэпхъар дзасэм фіаІу дзажэм и бгъуапІэмкІэ. Дзасэр ягъэкІэрахъуэурэ, хьэзыр хъуку мафІэ дэпкІэ ягъажьэ. Ар щагъажьэкІэ лы Іыхьэхэм шыбжиипс траутхэ.

Лы жьар и теплъэкІэ тхъуэплъ дахэу, мэ гуакІуэ къыкІэрихьу щытщ. Іэнэм щытрагъэувэнум и деж лыр дзасэм къыфІахри, тепщэчым ираІтхьэ, е тепщэчым пІастэ хуабэр бэлагъыщхьэурэ ираІтхьэри, абы и щІыІум лы гъэжьар тралъхьэж. Яшх пщтыру, шэ хуабэ трафыхьыж.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):
бжэныл гъэгъупціауэ - г 600,
шыбжиипсу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьилъым къитхыжащ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ сытым дежи дахэщ!

● Жыіэгъуэхэр

Езыгъэлейм удын нэхъыбэ къылъос

♦ЦІыху бгъэгуфІэн нэхърэ нэхъ гуфІэгъуэ щыІэкъым.
♦ЦІыху дэхуэхар умыгъэикІэ, уэ уи кІэр зэрыхъунур пщІэркъым.
♦ЦІыху мэкалІэм ушхэну удэмытІыс, уи Іуэхум щымыгъуаэзм уи чэнджэщ иумыхьэлІэ.
♦Чэнджэщ зи тхьэкІумэ имыхьэм дэІэпыкъугъуейщ.
♦Бжыр зыІыгъым и унафэр пхэнжу щытми, кІэуцІрокІ.
♦Гугъэр псэм и щІасэщ.
♦Гъащіэм дэмыхъуж хабзэр и чэзум хъуэжьын хуейщ.
♦Гъащіэм сыт щыгъуи узыщыгуфІыкІын хэлъщ.
♦Езыгъэлейм удын нэхъыбэ къылъос.
♦Жьы хьуэ цІыхум хуумыщІа пщІэр уи жьыхъугъуэм бгъуэтыжыну ущымыгугъ.
♦Къаруушэм, сытокІуэ жьыпІэу, лей иумых, къыпщІэкІуэнкъым.
♦Къыумылэжьа пщІэм жьжьэ унихьэсынуккым.
♦Лъэужь дахэ дунейм къытебнэмэ, цІыхум уи цІэр ягъэлъэпІэнщ.
♦ЛІыгъэ зимыгъусэ цІыхугъэм и зэфІэгъэкІыр машІэщ.
♦ЛІыжьым и пащІэр бупскІэ, щІалэ хъужьынукъым.
♦ЛІыфІ и псалъэ куэд и уасэщ.
♦Мылъкум беягъэм хегъахъуэри, насыпым хэзыгъахъуэр цІыхугъэрщ.
♦Мыхъумыщіагъэр зи нэрыгъым и гъащІэр кІэщІщ.
♦Напэ зимыІэм щІыхуэ ептар пфІишхынурэ уэ уигъэкъуэншэжынущ.
♦Напэр щыкъабзэм псэр мэтынш.

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

● Прозэу тха усэхэр

Колумб зэрыгуфІар сытым щыщ!

Мазиблым ит хъыджэбз цІыкІур махуэ зытІущ хъуауэ яІэщІопкІ, яІэщІоль, яхуэубыдыжьыркъым. И анэшхуэр егъэбэлэрыгъри, щІым зредзых. Ауэ фы-зыжьыр мапхъуэри и къуэрилъху цІыкІур, цы Іэрылъхьэу, къеубыдыж. Ар и гуапэ хъурэкъым сабийм: и анэшхуэм и Іэблэм зыкъыригъэщІэнтхъуэхыну адэ-мыдэкІэ зеІуантІэ-зешантІэ.

- Мы плъагъум сыпэлъэщыжыркъым: къикІуухьынущ! - жеІэри анэшхуэм сабийр щІым гъунэгъу хуещІ.

Хъыджэбз цІыкІум и лъакъуэ лъэныкъуэр иретъэлэк икІи щІым япэу йоІуэ. Ялпэ дыдэу. МэгуфІащэри, и нэр щоункІыфІыкІ, и лъакъуэ цІыкІур къепхъуэтэж, и нэр зэтрепІэри къыІэтрехыж.

Сабийм и лъакъуэ цІыкІур аргуэру ешийри, етІуанэу щІым йоІуэсэ...

Америкэр къыщилъэгъуам Колумб зэрыгуфІар сытым щыщ, ялпэ дыдэу щІым щеІусам а сабийм къигуфІам елъытауэ!

«Бзагуэ»

Бзагуэу къафІэщІурэ зыгуэр зыкъомрэ екІуэкІащ. ИтІанэ и бзэр къиутІыпщыжри, хъущІэу хуежьащ:
- Иджыри къэс жыфІа псоми хъуну зыри хэлъкъым!
- Уэ...убзагуэтэкъэ?
- Хьэуэ.
- НтІэ, зыри жыпІэрэткъыми?..
- Зыри сигу ирихьыртэкъыми, зыри жысІэртэкъым.
- НтІэ, иджы ирихьыжауэ ара?
- Иджы сыт жыпІэми мэхъу.

Сыт пщІэфын?

- ЖьакІэупсу улэжьэфыну?
- Хьэуэ: си Іэпэлъапэр мэсыс.
- Ушоофырыфыну?
- Хьэуэ: си лъакъуэ лъэныкъуэр фІыуэ щІэзыгъэгъэушынукъым.
- Дарбзэру улэжьэфыну?
- Абыи сыкъыкІыркъым: сынабгъэщ.
- НтІэ, жэщ плъыру...
- Ари хъунукъым: сычэфу сыІурихмэ, сыкъыпхуэгъэушынукъым.
- СщІэркъым-тІэ пхуэсщІэнур... къэрал пхузекьэн?
- Ахьей зесхьэн: сыт абы хэлъыр?!

КЪЭЖЭР Хьэмид.

● Фэ фщІэрэ?

Лыр зэрагъэгъупціыр

НЭХЪ ягъэгъупціыр быпымылырщ, бжэнылырщ, шылырщ, къупщхьэ хэмылъу. Лыр щІагъэгъупціыр зэІымыхьэу куэдрэ щагъэлъэпн папщІэщ. Апхуэдэлым къыхащІыкІа ерыскъыр шхыгъуэфІэщ, къэуатщ, Іэфіщ. Абы щхьэкІэ Іэщ яуклагъащІэм и лыр Іыхьэшхуэурэ къупщхьэм къыкІэрагъэж кг 1 - 2 хьуэрэ.

И Іувагъыр 1 см хьуэ пІащІэу яупІэ, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ. Дзэху шынакъым псы щІыІэ иракІэ, абы шыгу хадзэ, фІыуэ зэлащІэурэ ягъэткІу. Лы упІар шыгъушыпс щІыІэм щІиГанэу халъхьэ, и щхьэр тепІауэ щІыІапІэм щагъэзэври нэху кърагъэкІ шыгъур хыхьэн щхьэкІэ. Пщыхьэщхьэм лыр шыгъушыпсым къыхахыж, псыр пагъэж, зэлъэІэсу шыгъу щабэ тракІутэри кІапсэм фІадзэ е чылъэрыкІуэм тралъхьэ, жьыр къыздепщэ лъэныкъуэмкІэ хуэзэу. Нэху щыху жьы щІыІэ зыщІихуа лыр мэжэпхъ. Пщэдджыжьым лыр къьфІэхьэж, хьэкъущыкъым ираІтхьэри и щхьэм бинт тепІауэ пщыхьэщхьэ пщІондэ щІыІапІэм яГъэж. Пщыхьэщхьэм лы шыуар фІэдзапІэм фІадзэри нэху кърагъэкІ. И щІыІум къурэ пІащІэ хуэдзу трищІамэ е лантІэ-лантІэу щытмэ, фІуеу гъупціауэ аращи, фІэдзапІэм къыфІахыж. Кхъуэщыным е хьэкъущыкъу лам ираІтхьэри, и щхьэр фІыуэ бинткІэ щхьэщапхыкІыж, жьы щІрагъэхун щхьэкІэ щІыІапІэ-кІыфІыпІэм щагъэзэж. Апхуэдэу яГъэгъупціа лыр зэІымыхьэу куэдрэ щІылъщ. Абы сыт хуэдэ шхыныгъуэри къыхэпщІыкІ хьунущ. Псом хуэмыдэу ягъуэнху щІэрпІэм трагъэувэжа. Апхуэдэу пІастэ хуабэм и щІыІум телъу Іэнэм трагъэувэжа.

КЪУБАТИЙ Борис.

Джэдыкіэ тІощІ

Хъыбар

Хуэмыкъулей гуэрым зыпэмыплъа хьэщІэ гуп кьытеуат. ХьэщІэр хьэзыр щхьэкІэ, бысымыр хьэзыр жьыхуаІэрати, езыри хуэмыщІамэ, мо хьэщІэхэри бэлэрыгъуэу кърихьэлІамэ, сыт ищІэнт - гуэзвац, и гъунэгъум деж ежэкІри елъэІуац, моращ-мыращ зыгуэр уиІэмэ, жиІэри.

- Мис мыр гъажьи егъэшх, къыщыщІэтыжыыф къыІэзэптыжьынщ, - жиІэри, и гъунэгъум хуэзыру иІэр арауэ къыщІэкІынти, джэдыкІэ тІощІ къритащ.

Ар зы махуэти кІуащ, етІуанэри кІуащ. Ауэрэ, джэдыкІэ щІыхуэр хуемытыжурэ, щыгъупщэжу илъэс дэкІа, нэхъыбэ дэкІа? ЩІыхуэ къэзыщтам щыгъупщэми, зытам щыгъупщэркъым, мо гъунэгъур кьедауэу хуежьащ, джэдыкІэ тІощІым и пІэкІэ джэд хъушэ къритыжьын хуейуэ къыгъэуврИ.

- Сэ а джэдыкІэ тІощІыр сиІэжатэмэ, - жиІэрт мо бзаджэм, - ар джэдкъуртым щІэслъхьэнурэ, джэджьей тІощІ кърезгъэшынут, джэд тІощІыр бэгъуэжьынурэ, хъушэ хъунут.

ХеящІэхэри абы и телъхьэ мэхъу.

Къэхъуар жьлэм куэдрэ яхэІуэнт?! Іуэхур зыІутыр кьыщащІэм, хэт зым и телъхьэ мэхъу, хэт адрейм кьыщхьэщыжу мэпсалъэ. Къэзанокъуэ Жэбагъы щІалэ цІыкІуу джэгум хэту ар ягъэхьыбару зэхех.

- А джэдыкІэ тІощІым тращІыхьыр псэум ищІапхъэр лІам тралъхьам хуэдэщ, - жи абы.

Уэ жыпІэжа, сэ жысІэжа, унафэр зыщІахэми зытращІыхьами Жэбагъы и псалъэр зэхахьыжащ. Абы жиІар апхуэдизкІэ щхьэрыгъажэ къащыкъуат нэхъыжьхэми, мурад ящІ а щІалэ къыІэгъуат утыкум кърашэу апхуэдэу щІыжиІамкІэ еупщІыну. КьыщеупщІым, мыращ кьажриІар:

- ДжэдыкІэ тІощІыр сытыт къыщІритар, джэдкъурт игъэтІуэлъхьэну арат сытми? Игъажьэу хьэщІэхэм яригъэшхьн щхьэкІэтхъэ, ар къезытами ищІэртэкъэ! АтІэ иджы, джэдыкІэ гъэжьар кьуртым щІэлпІъхьэкІэ джэджьей къришыну, ар джэд хъушэ хьужьну?

Арати, апэкІэ къащта унафэр яригъэкъутэжщ, тхьэмыщкІэм джэдыкІэ тІощІыр зэрытІощІу, чэми щІигъуи щымыІэу, иригъэпшыныжри, абыкІэ Іуэхур яухащ. Ар мыхъуатэмэ, мо къулейсызыр пщылІыпІэ дыдэ ихуэнкІэ хъунут, зэрыхуэмыпшыныжым къыхэкІкІэ.

ИжьымкІэ щытыр Хьэшыр Чылар и фэеплъщ, сэмэгумкІэ - Соттаев Ахиящ.

Лэжьыгъэ купщІафІэхэр ирагъэкІуэкІ

ІУАЩХЬЭМАХУЭ бгыр ялпэ дыдэу къэзыгъэІурыщІахэм - Хьэшыр Чыларрэ Соттаев Ахиярэ - я фэеплъхэр здэщытыр ди щІыналъэм къакІуэ зыгъэпсэхуакІуэхэм фІыуэ ялъэгъуа щІыпІэщ. Абдежьым ахэр къыщыщэтоувыІэ, сурэтхэр щыІэзытрагъэж, фэеплъу къахуэнэн хуэдэу.

Скульптурэхэр 1970 гъэхэм яухуауэ щытащ икІи абы лъандэрэ тІорысэ хъуа мывэхэм я теплъэм зыри кІэлъыплъатэкъым. А Іуэхум зэрыгтегъэвакъыр Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и администрацэм хэІущІыІу щищІым, «КъБР-м и ГЭС цІыкІуэр» ОАО-м и унафэщІ Соттаев Алий дэІэпыкъуэгъу къахуэхъуащ. Апхуэдэуи щІыпІэ администрацэр бюджетым щымыщ мылъкуКІэ фэеплъхэр зытет мывэхэм якІэлъыплъащ, я Іэгъуэблагъуэ видеокамерэхэр яГъэващ.

ЩІыналъэ унафэщІхэм я мурадщ Кавказым и къэхутакІуэ, альпинист, топограф, 1890, 1896 гъэхэм гъуэз имыІэу зи закъуэ Іуащхьэмахуэ бгым дэкІуеІ Пастухов Андрей и мывэ пхъэбгъур зэІузэпэщ ящІыжьыну, щІыпІэр ягъэнэхуну.

ТАРИМ Алисэ.

● Псалъэжьхэр

Вым и бжьакъуэ и хьэлъэкъым

♦Адакъэщіэрэ хущІэ пІастэрэ.
♦Аргъуей мыдзакъэ щыІэкъым.
♦Балий хадэ уиІэмэ, бжэндэхъур зищІысыр пщІэнщ.
♦Вым и бжьакъуэ и хьэлъэкъым.
♦Делэр гугъэуэрэ жьы мэхъу.

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: **1**. Гузавэу къэзыжьыхьым щхьэкІэ жалэ: «И нэм чы ... хуэдэ». **5**. НэгъуэщІым ... хуэптІмэ, уэ уиухуэжьынкІи мэхъу. **7**. ... Іурыгъэлъэда хуэдэ. **8**. Сабий зеинщэ. **9**. КІапсэ къыІзыхах къэкІыгъэ. **10**. Мывэ блын бгы задэ. **11**. Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩІэныгъэ ІуэхухэмкІэ и министр. **13**. Украинэм и къалащхьэ. **17**. Былымым хуэзэщІэ Іус. **18**. Нартхэм я фадэр абы къыхащІыкІырт. **21**. ГъукІэ Іэмэпсымэ. **22**. Иракым и къалащхьэ. **23**. Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы. **26**. Сталинрыр къыщалъхуа къалэ. **27**. ... пыІэ. **30**. Бжэгу кІыхь, фІэгъэнапІэ иІэу. **31**. Гъэмахуэм - ... , щІымахуэм гу щІы. **32**. И тхьэкІумэм ... иригъэпщхьауэ, жесІэр зэхихыну хуейкъым. **34**. Пхъэщхьэмыщхьэ жыг. Е Тэрч щІыналъэм хиубыдэ къуажэ. **35**. ЛъахъшапІэ щІыпІэ. **36**. Тхьэмадэм ... дахэ иІащ, быныфІ игъэсащ. **37**. Теунэ Хьэчим, Сокъур Мусэрбий, Хьэкіуащэ Андрей, Къэжэр Пётр сымэ я къуажэ. **38**. Зиусхьэн лъэпкъ.

Къьехьу: **2**. Сыбыр щІыналъэм щежэх псышхуэ. **3**. Нартыхур бгъэлъалъэмэ къанэр. **4**. Гъатхэм пасэу къыхэж удэ гъэгъа къащхьуафэ-шакъафэ. (Щоджэнцыкіу Алий и усэхэм щигъафІэу щытащ). **6**. Бгъуэ вауэ зи ... . **12**. Унагъуэ къэс яІэ Іэмэпсымэ. **14**. УрысыбзэкІэ тхэуэ щыта адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ Къэшэж ... **15**. Краснодар щІыналъэм щыщ къалэ. **16**. Ди мэзхэм ... дахэ куэд щІэсщ. **19**. Гу кІуэм ... къыкІэреуд. **20**. Къуалэбзу пщэ кІыхь, лъакъуэ псыгъуэ кІыхь. **24**. Кавказым щыпсэу лъэпкъышхуэ. Е Адыгэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артист. **25**. КъурІэным и зы пычыгъэ. **28**. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэ кинорежиссёр цІэрыІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ ... Мухъэдин. **29**. Мылькум кьигъэпщри и ... щыгъупщащ. **42**. Нартыкъ ... гъэва бзэзрым щащэ. **33**. «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэр зыфІащхэм ирату щытащ Ленин орденрэ «Дыщэ ...» медалымрэ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Накьыгъэм и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Жагъын. **4**. Благъуэ. **8**. Хьэрэ. **9**. Бел. **10**. Іупхъуэ. **11**. Джатэ. **12**. Джанэ. **13**. Гъущэ. **15**. Къудамэ. **17**. Ахърэт. **19**. Пыл. **20**. Блэ. **21**. Уае. **24**. Псафэ. **25**. ЕнтІыр. **26**. Къэп. **28**. Нащэ. **29**. Шэнт. **31**. Быхуэ. **32**. Жыр. **33**. Куба. **34**. Къэуал. **35**. Хьэсэн.

Къехьу: **2**. Абрэдж. **3**. Ныбжьэгъу. **4**. Балыдж. **5**. Гъуэплъэ. **6**. Тхъэрыкъуэ. **7**. Іэмбатэ. **14**. Щхьэлыкъуэ. **16**. Мылыф. **18**. Хьэуан. **22**. Іупэцабэ. **23**. Арщыдан. **26**. Кьэнжал. **27**. Пшэрыхь. **28**. Нэхулъэ. **30**. Теунэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтэр

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкіэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщіэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщі Иэ.**

Езыгъэтхаэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэжкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм иэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору ЖьэкІэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 2, 4-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ*(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Мариннэ, Мэлбахьэ Анжелэ. *Сурэтхэм елэжьар* Бищу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.467 ● Заказ №934